

BASA AWAK BIS “JAYA” TRAYEK

SURABAYA – PONOROGO

(ANALISIS SOSIOLINGUISTIK)

JURNAL



Dening:

FUAD ABDUL GHAFAR ASSIDQI

072114218

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH (JAWA)

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

2013

**BASA AWAK BIS “JAYA” TRAYEK
SURABAYA – PONOROGO
(TINTINGAN SOSIOLINGUISTIK)**

Fuad Abdul Ghafar Assidqi

(072114218)

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

fuadassidqi@gmail.com

Abstrak

Basa yaiku piranti kanggo guneman antarane pawongan siji klawan pawongan liyane. Basa minangka piranti kanggo sawung, kahanane tansah owah. Ing sajrone basa iki ana babagan kang ngandharake ngenani sosiolinguistik. Sosiolinguistik yaiku minangka ilmu ngenani basa lan masyarakat sosial. Tegese, basa lan masyarakat nduweni peran minangka sumbering masalah kang ana ing jerone sosiolinguistik.

Ana ing sajroning guneman, panutur kudu ngandharake kang dikarepake kanthi nggunakake ukara kang cetha lan gampang dimengerteni, panutur ana kalane ngandharake sawijining bab kudu njupuk unsur basa saka basa liya supaya kang arep diandharake bisa luwih gampang dimangerteni. Adhedhasar alasan mau mulabasa para awak bis jaya jurusan Surabaya Ponorogo iki mau bisa narik kawigaten panliti kanggo ndadekake babagan iki dadi Panliten ing skripsi.

Perkara ing Panliten iki cacahé ana telu, yaiku (1) Apa wae basa kang digunakake nalika ana ing sajrone bis jaya jurusan Surabaya-Ponorogo?(2) Kapan wayahe ngucapake basa iki mau?(3) Apa wae kanggone basa kang digunakake ing bis jaya jurusan Surabaya Ponorogo?

Panliten iki kanthi umum nduweni ancasa yaikungandharake wujudé ragam basa, perkara sing ana ing sajrone sosiolinguistik, kagunaan sosiolinguistik lan gayutane sosiolinguistik karo ilmu liyane.

Panliteniknggunakake objek bis jaya kang nduweni jurusan Surabaya Ponorogo. Panliten iki uga nggunakake ancangan lan wewatesan. Ancangan kang ana ing Panliten iki yaikudeskriptif kualitatif, dene wewatesane yaiku ragam basa lan panganggane basa sing digunakakeawak bis lan penumpang bis jaya jurusan SurabayaPonorogo.

Panliten iki nganggo metode simak, cathet, lan rekam. Adhedhasar cara iku mau, mula ing Panliten iki ditemokake wujudé basa kang digawe para awak bis jaya ana 4, yaiku: (1) kernet marang sopir, kernet marang kondhektur, kernet marang penumpang. (2) Sopir marang kernet, sopir marang kondhektur (3) kondhektur marang sopir, kondhektur marang kernet lan kondhektur marang penumpang (4) penumpang marang kernet lan penumpang marang kondhektur.

Abstrak

Bahasa merupakan sarana yang digunakan untuk berinteraksi dengan orang lain. Bahasa senantiasa mengalami perubahan. Penutur harus menjelaskan maksud tuturannya dengan menggunakan kalimat yang jelas dan mudah dimengerti. Dalam ilmu bahasa ada penjelasan mengenai sosiolinguistik. Sosiolinguistik yaitu ilmu yang membahas bahasa dan masyarakat sosial. Artinya bahasa dan masyarakat mempunyai peranan sebagai sumber masalah yang ada di dalam sosiolinguistik.

Di dalam sebuah percakapan penutur harus menjelaskan apa yang ingin disampaikan dengan menggunakan kalimat yang jelas dan mudah dimengerti, penutur ada kalanya ketika menjelaskan mengambil unsur bahasa dari bahasa lain supaya apa yang ingin disampaikan bisa lebih dimengerti. Berdasarkan alasan diatas maka bahasa para awak bis jaya jurusan Surabaya Ponorogo dapat menarik perhatian peneliti untuk di jadikan objek penelitian skripsi.

Terdapat tiga masalah di dalam penelitian ini, yaitu : (1) apa saja bahasa yang digunakan ketika didalam bis jaya jurusan Surabaya Ponorogo. (2) kapan saja bahasa digunakan. (3) apa saja manfaat bahasa yang di gunakan di dalam bis jaya jurusan Surabaya Ponorogo.

Secara umum peneliti mempunyai tujuan yaitu menjelaskan bentuk ragam bahasa dan menjelaskan masalah yang ada didalam sosiolinguistik fungsi sosiolinguistik dan hubungan sosiolinguistik dengan ilmu lainnya.

Peneliti menggunakan objek bis jaya jurusan Surabaya Ponorogo. Peneliti juga menggunakan rancangan dan batasan. Rancangan yang ada di dalam penelitian ini yaitu deskriptif kwalitatif, dan

batasanya adalah ragam bahasa dan penggunaan bahasa yang digunakan awak dan penumpang bis jaya jurusan Surabaya Ponorogo.

Peneliti menggunakan metode menyimak, mencatat, dan merekam. Berdasarkan metode tersebut peneliti menemukan 4 bentuk bahasa yang digunakan para awak bis jaya yaitu (1) kernet kepada sopir, kernet kepada kondektur, kernet kepada penumpang. (2) sopir kepada kernet, sopir kepada kondektur. (3) kondhektur kepada sopir, kondhektur kepada kernet, kondhektur kepada penumpang. (4) penumpang kepada kernet dan penumpang kepada kondektur.

PURWAKA

Sawijining panliten mokal bisa kalaksanan kanthi apik yen ora dikanthi klawan pambuka kang dadi dhasare panliten. Sajroning pambuka iki bakal diandharake alesan panliten, underaning panliten, tujuwan panliten, paedah panliten, asumsi, lan andharan tetembungan.

Basa minangka alat kanggo komunikasi sosial kanggo manungsa. Ing saben saben penggawean. Basa nduweni peran kang wigati ning sajrone masyarakat (Basir, 2003:1). Basa uga kanggo ngokohake idhentitas kang dadi makhluk sosial kang bisa kanggo ngomongake rasa seneng, susah, utawa nalika menehi pendhapat ing njerone rapat. Gunane basa kang paling wigati yaiku piranti kanggo komunikasi (Syafyahya, 2007:1). Salah sawijining fungsi basa bisa diwakili nganggo ukara, tembung lan liya-liyane. Apa sing diucapake bisa wae nduweni makna gumantung konteks.

Sasuwene iki panliti kerep numpak angkutan umum utamane bis. Saben-saben ing bis panliti sering nemoni basa-basa utawa kode-kode kang kaucapake dening para awak bis. Basa kang kaucapake kasebut dirasa narik kawigatene panliti kanggo nliti teges lan maksud saka kode-kode kasebut.

Panliten iki njupuk kajian sosiolinguistik kanthi setting bis amarga ing njero bis nduweni struktur basa kang lengkap, interaksi iki nglibatake penumpang, sopir, kondhektur lan kernet. Para kru (kernet, kondhektur lan sopir) lan penumpang bis iki nduweni basa (basa slang) kanggo nggampangake komunikasi.

Ing babagan basa, ana istilah kang diarani sosiolinguistik. Sosiolinguistik yaiku minangka ilmu ngenani basa lan masyarakat sosial. Tegese, basa lan masyarakat nduweni peran minangka sumbering masalah kang ana ing jerone sosiolinguistik.

Sumber dhata kanggo panliten iki dijupuk saka informan, yaiku kernet, sopir lan kondhektur bis "JAYA". Dhata kang kajupuk awujud dhata lisan lan tulis. Dhata kang awujud tulisan kajupuk saka wawanrembug, buku, internet lan sumber dhata liya.

Lelandhesan katerangan ing ndhuwur mau bisa kadudut masalah kang arep dionceki ing jerone panliten iki, yaiku :

1. Kepriye wujud basa kang digunakake nalika ana ing sajrone bis "JAYA" jurusan Surabaya-Ponorogo?
2. Tembung/tetembungan apa wae kang diucapake para awak bis "JAYA" iki
3. Apa wae kanggone basa kang digunakake ing bis "JAYA" jurusan Surabaya Ponorogo?

Panliten ngenani basa para awak bis "JAYA" jurusan Surabaya Ponorogo iki nduweni tujuwan yaiku:

- (1) Kanggo njlentrehake ngenani apa wae basa para awak bis "JAYA" jurusan Surabaya Ponorogo.
- (2) Kanggo njlentrehake tembung/ tetembungan.
- (3) Kanggo njlentrehake apa wae gunane basa para awak bis "JAYA" jurusan Surabaya-Ponorogo.

Panliten ngenani basa slang sopir lan kernet bis "JAYA" jurusan Surabaya Ponorogo iki nduweni rong asipat, yaiku asipat teoritis lan praktis. Asipat teoritis ing panliten iki bisa menehi ilmu kang ana gegayutane karo ilmu sosiolinguistik ing antarane ngenani wernane basa. Yenta asipat praktis yaiku kaperangan dadi patang perangan yaiku (1) Kanggo studi sosiolinguistik, minangka ilmu lan kajian ing wernane basa, (2) Kanggo dosen, asiling panliten iki bisa menehi saran kritik supaya luwih sampurna, (3) Kanggo mahasiswa, panliten iki bisa agawe wawasan marang mahasiswa supaya ningkatake mutu basa, (4) Kanggo lembaga, panliten iki bisaa menehi kritik kanggo pengembangan lan pembinaan basa Jawa.

Wewatese panliten iki digawe supaya ing sajroing panliten kang dilakoni ora slewah saka kang dikarepake. Wewatese panliten ing sajroing panliten iki yaiku diwatesi mung basa kang digawe para awak bus "JAYA" jurusan Surabaya – Ponorogo. Saengga kang ditliti ing sajrone panliten iki mung basa – basa kang ana ing sajroning bis "JAYA" jurusan Surabaya Ponorogo. Kang nggawe basa iki yaiku sopir, kernet, kondhektur, tukang control lan penumpang kang wis dadi langganan bis "JAYA" iku dhewe.

METODE PANLITEN

Nalika nganakake panliten, salah sawijining tatanan kang wigati yaiku metode panliten. Iki bisa diarani wigati amarga nalika nganakake panliten, iki minangka piranti

kang wis dipilih panliti. Supaya nalika di uji panliti bisa menehi pertanggung jawaban marang kang wis diteliti.

Panliten iki kagolong panliten linguistik asipat deskriptif kualitatif. Titikane nggunakake teori dhasar, konsep dhasar, modhel dhasar uga ancangan panliten bab basa kaya umume (Kridalaksana, 1948:118). Djajasudarma (1993:8) ngandharake yen metode deskriptif iku nggambarake lukisan kanthi sistematis faktual lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat uga gegayutane karo fenomena kang diteliti.

Metode deskriptif kualitatif yaiku panliten kang mung adhedhasar kasunyatan-kasunyatan kang kanthi empiris tuwuh lan kedadeyan saka sumbering omongan utawa penutur (Sudaryanto, 1993:62). Metode iki nduweni telung paedah, antarane (1) metode iki gampang yen adhep-adhepan karo kasunyatan ganda, (2) metode iki ngandharake kanthi langsung antarane peneliti karo responden, (3) metode bisa cepet adaptasi karo pangaruh sing kuwat lan pola-pola nilai kang diadhepi.

Sumber dhata ing saben panliten dadi salah sawijining perangan panliten kang nduweni peran kang wigati kanggo ngtinging dhata. Panliten ora bakal dadi tanpa anane sumber dhata, banjur sumber dhata uga ora bakal ana tanpa anane panliti kang golek dhata. Sumber dhata kang paling utama nalika nglakoni panliten kualitatif yaiku tembung tembung sarta tindhak tandhuk, lan liyane kang arupa dhata tambahan kayata dokumen.

Saka andharan ing ndhuwur, mula sumbering dhata ing panliten iki yaiku wawancara karo para kernet bis “JAYA” jurusan Madiun Surabaya lan uga njupuk saka internet. Saka sumber dhata iku, panliten iku arupa tembung utawa ukara kang biasa diucapake para kernet bis “JAYA” jurusan Madiun Surabaya.

Objek ing panliten iki dipunjerake ing babagan basa, yaiku basa utawa kang biasa diarani basa slang kang digawe marang para awak bis “JAYA” jurusan Surabaya Ponorogo.

Subjek ing panliten iku yaiku marang para awak bis “JAYA” jurusan Surabaya Ponorogo kang biasa nggunakake basa slang nalika dheweke lagi tugas.

Instrumen sajroning panliten iki nduweni fungsi kang wigati banget. Instrumen minangka piranti kanggo njupuk dhata panliten. Arikunto (2002:126) njlentrehake instrumen minangka pirantining panliten supaya metode metode kang dijupuk bisa gumathuk. Mula saka iku, ing panliten panliti nggawe rong instrumen, yaiku:

Instrumen utama ing sajroning panliten iki yaiku panliti dhewe. Amarga panliti ing panliten iki minangka kang nglakokake panliten wiwit saka nol nganti pungkasan kang arupa laporan panliten.

Instrumen kang kapindho ing sajroning panliten iki yaiku rekaman wawanrembug kang kasimpen ana ing njerone HP(handphone) kang isine tembung tembung kang

di ucapake marang para awak bis “JAYA” jurusan Surabaya Ponorogo.

Ing panliten iki nggunakake telung cara panliten, yaiku 1) carane ngumpulake dhata, 2) carane ngolah dhata, 3) carane nyajekake bahan dhata. Saben cara iku nduweni metode lan teknik dhewe-dhewe. Babagan metode lan teknik panliten bakal diandharake kaya mangkene.

Tata cara kang dianggo nglumpukake dhata panliten yaiku nggunakake metode simak (observasi) lan metode cakap (wawancara). Metode simak yaiku nyemak sakabehing basa kang digunakake dening pamicara. Metode cakap yaiku wawancara antarane panliti klawan narasumber.

Metode simak dileksanakake kanthi teknik sadap, simak libat cakap, simak bebas libat cakap, lan catur. Teknik sadap yaiku nyemak kang diwujudake nampa sakabehing wedharan. Teknik simak libat cakap yaiku nyemak lan melu ing catur. Teknik simak bebas libat cakap yaiku nyemak tanpa melu ing catur. Teknik catat yaiku nyathet sakabehing wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambang basa utawa aksara.

Minangka teknik anggone nglumpukake dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik wawancara. Teknik wawancara kang dikarepake yaiku teknik nglumpukake dhata kang nggunakake sumber dhata awujud pangucap. Saliyane iku uga nggunakake sumber kang awujud tulisan. Sumber kang awujud tulisan kaperang dadi 3 yaiku: sumber dhata arsip, dokumen pribadi lan dokumen resmi (Moleong, 1989: 124)

Tinting dhata minangka upadaya kang dilaksanakake kanggo merang lan nggolong-nggolongake dhata, Mahsun (2005:229). Dhata kang kakumpul, kagolongake adhedhasar masalah panliten, yaiku babagan penyimpangan aspek pragmatik lan aspek fonologis. Dhata-dhata kang wis kakumpul iku diandharake kanthi cara mangkene:

Dhata kang wis kakumpul dirungokake lan dimangerteni isine. Yen wis dimangerteni banjur diandharake adhedhasar panliten. Ing bab iki dianggep paling angel lan njlimet. Amarga mbutuhake tenaga, wektu, lan konsentrasi sing ora sethithik.

Tuladha :

- Ayo ngarep poin!
- Mlaku wae pir, mburi kosong.

Tuladha (1) nduweni teges yaiku ing ngarep bis ana penumpang kang nyegat. Banjur tuladha (2) nduweni teges kernet menehi perintah marang supir yen ta bis kudu mlaku alon-alon wae amarga bis ing mburi durung ketok.

Merang dhata

Dhata kang dianggep perlu lan nduweni cundhuk marang bab kang dirembug banjur diperang adhedhasar konsep kang wis kasusun sadurunge.

Ing panliten iki dhata diperang miturut sapa sing gawe lan gawe sapa, kaya ta kernet marang sopir, kondhektur marang penumpang, sopir marang kondhektur lan penumpang marang kernet.

Penafsiran

Penafsiran utawa ngangen-angen minangka tahap kang pungkasan sajroing proses panliten. Dhata kang ditafsir nuduhake basa kang digunakake para awak bis “JAYA” jurusan Madiun Surabaya.

Tuladha:

- Rata bangku

Rata bangku iki biasa di ucapake marang kondhektur marang sopir utawa kernet, tembung rata bangku iki dhewe nduweni teges yen ta penumpang kang ana sajrone bis iki isih lungguh kabeh durung ana penumpang kang ngadhek. dadi, kondhektur ngucapke tembung iki kanggo menahi weruh marang kernet lan sopir supaya golek penumpang maneh.

Anggone nyajekake tintingan dhata ing panliten iki nggunakake tintingan informal. Sudaryanto (1993:144-145) ngandharake yen tintingan informal minangka tintingan dhata kang nggunakake rumusan tembung-tembung lumrahe. Mula saka iku asiling tintingan dhata kang disajekake kanthi cara menahi kode-kode ing dhata kang nggunakake tetembungan kang cundhuk marang masalah panliten.

PRATELAN ASILING PANLITEN

Adhedhasar masalah panliten lan tatacara ngolah dhata, panliti merang dhata kanthi analisis kaya ing ngisor iki:

1. Kernet

Kernet ing kene minangka sawijining awak bus. Kernet nduweni peran kang wigati ing sajrone bus. Kernet bisa uga diarani pembantu sopir. Kernet nduweni tugas paling akeh tinimbang sopir lan kondhektur. Salah sawijining tugas kernet yaiku menahi ada-ada marang sopir lan kondhektur. Ing ngisor iki bakal diandharake tembung tembung lan ukara kang lumrah digunakake kernet nalika ngelakoni tugase.

A. Kernet marang sopir

Kernet lan sopir nduweni hubungan kang raket nalika nindakake tugase. Ing kene bakal dijlentrehake apa wae tembung tembung kang digawe kernet nalika tugas lan Ukara-ukara kang kerep digunakake dening kernet marang sopir yaiku kaya ta:

Poin ing kene diucapake dening kernet kanggo menahi warta yen ta ing ngarep ana penumpang sing arep melu ing bis iki, saengga sopir kudu mandheg kanggo nglebokake penumpang.

Tuladha :

(1) Ayo ngarep poin!

‘Sopir, didepan ada penumpang.’

(2) Kiri poin!!!

‘Sopir, disebelah kiri ada tiga orang penumpang’

(3) Pir ngarep ana poin telu

‘Sopir, didepan ada tiga orang calon penumpang’

(4) ayo kiri!

‘Sopir, ayo lewat jalur kiri saja’

(5) Kiri pir!

‘Sopir, ayo lewat jalur kiri saja’

(6) Kiri prei!

‘Sopir, ayo lewat jalur kiri saja, karena sepi’

(7) Kiri-kiri!

‘Sopir, ayo lewat jalur kiri saja’

(8) Kiri masuk!

‘Masuk saja di lajur kiri’

Miturut dhata (1) nduweni teges yaiku ing ngarep bis ana penumpang kang nyegat. Banjur dhata (2) nduweni teges yaiku ana penumpang ing ngarep sisih kiwane bis. lan dhata (3) nduweni teges njelasake ing ngarep ana penumpang telu kang arep numpak bis. Miturut dhata (4) nduweni teges yen ta kenet ngajak sopir nyalip kendharaan ing ngarep liwat jalur sisih kiwa. (5) kernet menahi weruh marang soir yen jalur sisih kiwa kosong. (6) kernet menahi weruh marang soir yen jalur sisih kiwa kosong (7) lan (8) nduweni teges kernet menahi tandha yen ta sopir bisa nyalip lewat jalur sisih kiwa.

B. Kernet marang kondhektur

Tembung Mburi ing kene diandharake kernet marang kondhektur kanggo menahi ada ada yen ta ana penumpang, nanging mlebu lawang mburi. Ing kene kernet ngabani kondhektur kanggo mbukakake lawang mburi.

Tuladha:

(9) Poin mburi !

‘Kondhektur, ada penumpang di belakang’

(10) Bose lewat mburi

‘Kondhektur ada tukang kontrol di belakang’

(11) Pagotan kosong!!

‘Di Pagotan tidak ada penumpang turun’

(12) PLN kosong, bablas wae

‘Di PLN tidak ada penumpang turun, langsung jalan saja’

(13) Pak Tur, mase bagasi

‘Kondektur, ada penumpang yang mau turun dan ada barang dibagasi’

(14) Pagotan bagasi tur

‘Di Pagotan ada yang mau turun dan membawa barang di bagasi’

(15) Tur, nyambike njaluk sugu!!

‘Kondektur, polisinya minta uang suap’

(16) Kene dhuwite tur, tak sangonane nyambik iki

Kondhektur, mana uangnya, buat menyuap polisi’

(17) Ndang sangonana nyambike tur

‘Kondektur, cepat beri uang polisinya’

miturut dhata (9) nduweni teges kernet menehi weruh marang kondhektur supaya mbukakake lawang mbur amarga ana penumpang sing arep mlebu saka lawang mburi. Dene dhata (10) nduweni teges kernet menehi weruh marang kondhektur yen ta ana tukang kontrol karcis arep mlebu liwat lawang mburi. Miturut dhata (11) lan (12) nduweni teges kernet menehi weruh marang kondhektur yen ta ora ana penumpang sing arep mudhun utawa munggah ing bis iki. Miturut dhata (13) lan (14) nduweni teges kernet ngongkon kondhektur kanggo bukakake bagasi kanggo penumpang amarga ana penumpang kang arep mudhun lan barang penumpang iku mau ana ing sajrone bagasi. Miturut dhata (15) lan (16) nduweni teges yen ta kernet ngongkon kondhektur kanggo menehi dhuwit marang polisi amarga bis wis ngelakoni kesalahan. Dene dhata (17) nduweni teges kernet njaluk dhuwit marang kondhektur kanggo nyogok utawa nyuap polisi.

C. Kernet marang penumpang

Tembung oper ing kene nduweni maksud yen ta para penumpang kudu pindhah marang bis liya kang wis di siapake, tembung oper diandharake nalika bis lagi ngeban, ngedhor lsp.

Tuladha :

- (18) *'Para penumpang yang saya hormati, kami atas nama PO "JAYA" mohon maaf, di sebabkan oleh kerusakan bis sehingga para penumpang yang terhormat di minta untuk oper ke bis yang sudah di sediakan'*
- (19) Ayo Baya Baya biasa
'Ayo Surabaya, tarif biasa'
- (20) Ayo Rogo Rogo, ac biasa
'Ayo Ponorogo, ac tarif biasa'
- (21) Ayo Rogo Rogo bise apik mBayar biasa wae
'Ayo Ponorogo, bisnya bagus, Bayarnya tarif biasa'
- (22) Ayo Pagotan terakhir
'Ayo Pagotan terakhir menurunkan penumpang'
- (23) Yo Rogo Rogo terakhir, di cek barang barangnya jangan sampai ada yang tertinggal.
'Ayo Ponorogo terakhir penumpang turun, di cek barang barangnya jangan sampai ada yang tertinggal.'

miturut dhata (18) nduweni teges kernet menehi weruh marang penumpang supaya pindhah ing bis liya kang wis dicawisake saka P.O "JAYA" amarga ana kerusakan ing mesin bis. Miturut dhata (19), (20) lan (21) nduweni teges yen ta bis kanthi jurusan Surabaya Ponorogo masiya nggawe AC nanging nggawe rega biasa utawa padha karo bis sing ora AC. Miturut dhata (22) nduweni teges kernet menehi weruh marang penumpang yen dheweke penumpang kang pungkasan lan sawise Pagotan ora ana

maneh penumpang kang ana ing sajrone bis. Banjur ing dhata (23) kernet menehi weruh marang penumpang yen ta bis wis meh tekan terminal kang pungkasan, mula saka iku mau penumpang dikongkon kanggo ngecek kabeh barang barang supaya oara ana barang kang keru.

2. Sopir

Sopir yaiku sawijine awak bis kang nduweni tugas nglakokne kendharaan kanthi diBayar dening majikan. Sopir kaperang dadi loro yaiku sopir pribadi lan sopir perusahaan. Sopir bis kalebu sopir perusahaan. Ing ngisor iki bakal diandharake apa apa wae tembung kang digunakake dening sopir nalika dheweke lagi tugas.

A. Sopir marang kernet

Tembung kiri kang diandharake dening sopir beda maksud karo kang diandharake kernet. Yen tembung kiri ing kene nduweni maksud sopir takon menyang kernet kepriye kahanan ing ngarep ing lajur kiwa, bisa kanggo nyalip utawa ora.

Tuladha :

- (24) Kiri piye??
'Kernet. Kiri ada kendaraan apa tidak?'
- (25) Kiri aman??
'Kernet, kiri aman apa tidak kondisi jalannya'
- (26) Net, kiri deloken!!
'Kernet, tolong lihatkan jalur sebelah kiri'
- (27) No, bise ndang setuten gek ndang budhal.
'Kernet, tolong bisnya segera di parkirkan, agar cepat berangkat'
- (28) Nandang di setut montore selak telat jame
'Kernet, segera parkirkan bisnya, supaya jamnya tidak terlambat'
- (29) Ayo ndang di setut, aku tak raup dhisik
'Kernet bisnya segera diparkirkan, saya mau cuci muka dulu'
- (30) Walah di kongkon ngiri nyambik, wis ndang ngemel gek ndang mlaku, ora usah ruwet ruwet
'Aduh, disuruh berhenti polisi, sudah disuap saja biar bisa jalan lagi'
- (31) Caruban ora usah mlebu ngemela jaba ae gek ndang tekan nggon.
'Nanti di Caruban tidak usah masuk terminal, berikan uang suap saja'

Miturut dhata (24), (25) nduweni teges sopir takon marang kernet kepriye kahanane dalan ing lajur kiwa sepi apa ora? Miturut dhata (26) sopir ngongkon kernet kanggo ndelok jalur sisih kiwa aman apa ora kanggo nyalip. Miturut dhata (27) nduweni teges sopir ngongkon kernet kanggo markirna bis ing parkiran supaya bisa nang budhal. Ing dhata (28) nduweni teges sopir ngongkon kernet kanggo markirna bis ing parkiran amarga jam utawa jadwal budhal bis wis mepet. Banjur ing dhata (29) nduweni teges sopir ngongkon kernet kanggo markirna bis ing parkiran amarga sopir isih arep raup. Miturut dhata

(30) nduweni teges yen ta bis di kongkon mandheg karo polisi, mula saka iku sopir ngongkon kernet kanggo menahi dhuwit marang polisi supaya bis bisa mlaku maneh. Banjur miturut dhata (31) sopir ngongkon kernet kanggo mbayar luwih marang DLLAJ amarga bis ora mlebu ing terminal.

B. Sopir marang kondhektur

Tembung utawa tetembungan kang diucapake sopir marang kondhektur ana akeh, salah sijining tembung yaiku tembung bose ing kene nduweni teges yaiku tukang kontrol kang biasa ngontrol karcis. Biasane sopir ngucapake tembung iki nalika dheweke ngerti ana tukang kontrol ing pinggir dalan, kanggo ngabari kondhektur supaya nyiapake rekapan karcis supaya padha bisa kerja luwih cepet.

Tuladha :

- (32) Bose wis nang ngarep tur!
'Kondhektur, tukang kontrolnya sudah didepan'
- (33) Nandang di rekap bose nang ngarep
'Kondhektur, segera buat laporan, tukang kontrolnya sudah didepan'
- (34) Tur bane nyeplos, iki di oper wae soale alate ora ana
'Kondhektur, bannya meletus, para penumpang dioper saja ke bis lainya karena alat untuk memperbaiki tidak ada'
- (35) Tur ndang golek bis, kacane ngedhor, nek digawe mlaku tiwas ngemel nyambik mengko.
'Kondhektur, segera cari bis lain, kaca bis ini pecah, kalau dibuat jalan nanti bisa kena tilang polisi'
- (36) Ayo tur mudhun bane mbledhos.
'Kondhektur, ayo turun, ban bis ini meletus'
- (37) Bane bocor ngeban dhisik wae nang kene.
'Ban bisnya bocor, jadi harus ganti ban dulu'

Miturut dhata (32) nduweni teges sopir ngandhani kondhektur yen ta ana tukang kontrol karcis ing ngarep. Banjur dhata (33) nduweni teges sopir ngandhani kondhektur yen ta ana tukang kontrol karcis ing ngarep mula saka iku kondhektur dikongkon ndang ngrekap karcis penumpang. Miturut dhata (34) nduweni teges sopir menahi weruh marang kondhektur kanggo mindhah penumpang ing bis liya amarga bise ora kena didandani. Banjur miturut (35) nduweni teges sopir ngongkon kondhektur kanggo golek bis liya amarga kacane bis pecah. Miturut dhata (36) nduweni teges sopir ngongkon kondhektur supaya mudhun kanggo ngrewangi ngeban. Banjur miturut dhata (37) nduweni teges sopir ngomong marang kondhektur supaya mandheg ing bengkel kanggo nembelake ban.

3. Kondhektur

Kondhektur yaiku salah sawijine awak bis sing nduweni tugas narik karcis lan duwit saka penumpang. Ing ngisor iki bakal diandharake apa apa wae tembung kang digunakake dening kondhektur nalika dheweke lagi tugas.

A. Kondhektur marang sopir

Kondhektur ngucapake tembung perpal marang sopir nalika bis wis mlebu ing terminal kang pungkasan. Ing bis "JAYA" iki terminal kang pungkasan yaiku Ponorogo amarga bis mesthi mulih menyang kandhang, ora nginep ing sajroning terminal. Maksud kondhektur iki yaiku ngajak sopir bali menyang kandhang.

Tuladha:

- (38) Pir, bar iki langsung perpal wae setoran wis masuk
'Sopir, setelah ini langsung pulang saja, karena setorannya sudah cukup'
- (39) Jadwal perpal kanggo awake dhewe mengko jam 7
'Jadwal pulang untuk kita nanti jam 7'
- (40) Alon alon pir tak ngrekap dhisik bose ning Mojoagung
'Sopir, pelan pelan saja, saya mau membuat laporan dulu, tukang kontrolnya ada di Mojoagung'
- (41) Rung ketok bose ta pir?kok dingaren durung ana sing munggah ki mau?
'Sopir, tukang kontrolnya apa belum terlihat? Kok tumben belum ada yang naik hari ini'
- (42) Pir solare apa sik akeh kok ora ngepom dhisik?
'Sopir, solarnya apa masih kok tidak berhenti di pom?'
- (43) Iki jatahe ngepom ana telungatus pir, ngepom dhisik wae
'Ini jatah untuk solar ada tigaratusribu, berhenti dipom dulu saja'
- (44) Pir ngepom nang bungur wae yen solare isih
'Sopir, kalau solarnya masih nanti diisi di pom Bungurasih saja'
- (45) Pir ngepom nang ngarep wae dhisik ana bocah cilik arep menyang jedhing.
'Sopir, berhenti dipom depan saja dulu, ada anak kecil mau ke toilet'

Miturut dhata (38) nduweni teges kondhektur ngajak mulih marang sopir amarga setorane wis cukup. Banjur saka dhata (39) nduweni teges kondhektur ngajak perpal utawa bali menyang garsi amarga wektu utawa jame wis ntek utawa wayahe mlebu garasi. Miturut dhata (40) nduweni teges kondhektur ngongkon sopir supaya mlaku alon alon amarga dheweke arep ngrekap laporan karcise. Banjur dhata (41) nduweni teges kondhektur takon marang sopir, nakokake tukang kontrol wis ketok apa durung. Miturut dhata (42) nduweni teges kondhektur nakokake kahanan solare isih apa ntek kok ora mampir

pom. Miturut dhata (43) nduweni teges kondhektur menehi weruh marang sopir yen ta ana dhuwit telungatus kanggo ngisi solar. Miturut dhata (44) nduweni teges kondhektur menehi weruh marang sopir yen ta solare isih mengko ngisi maneh ing pom cedhak Bungurasih (45) nduweni teges kondhektur menehi weruh marang sopir yen ta ana bocah cilik kang kebelet saengga sopir di kongkon mandheg ing pom.

B. Kondhektur marang kernet

Tembung ngemel kang diandharake dening kondhektur marang kernet nduweni tujuan menehi tugas kernet kanggo menehi dhuwit menyang nyambik utawa polisi nalika bis lagi kena tilang. Bisa uga ngemel marang DLLAJ nalika bis ora mlebu terminal, dadi bis kudu Bayar extra supaya ora dadi masalah kang gedhe, iki biyasane nalika bis kesusu kanggo golek setoran lan jam kanggo perpal wis mepet.

Tuladha :

- (46) Net, ndang ngemel gek ndang mlaku
'Kernet, cepat diberi uang suap saja, biar bisa cepet jalan lagi'
(47) Nyambike ndang melen gek ndang mlaku maneh
'Kernet, cepat diberi uang suap saja, biar bisa cepet jalan lagi'
(48) Nandang ngemela pira kono, nyambike njaluk sangu kae
'Cepat diberi uang suap saja, itu ada polisi yang minta pungutan'
(49) Ora usah mlebu ngemel wae
'Tidak usah masuk terminal, beri saja uang suap'
(50) Net mburi kosong, kongkon mundur
'Kernet, dibelakang kosong, penumpang disuruh mundur saja'
(51) Mburi longgar net, kongkon padha mundur
'Kernet, dibelakang kosong, penumpang disuruh mundur saja'

Miturut dhata (46), (47) lan (48) nduweni teges kondhektur ngongkon kernet kanggo menehi dhuwit marang polisi supaya bis bisa mlaku maneh. Miturut dhata (49) nduweni teges kondhektur ngongkon kernet kanggo menehi dhuwit marang DLLAJ supaya bis bisa mlaku maneh. Miturut dhata (50) lan (51) nduweni teges kondhektur ngongkon kernet kanggo menehi weruh marang penumpang supaya mundur amara ing mburi akeh bangku kang kosong

C. Kondhektur marang penumpang

Tembung utawa tetembungan kang diucapake kondhektur marang penumpang ana akeh, salah sijining tembung yaiku karcis baru. Tembung karcis baru kang diandharake kondhektur marang penumpang iki nduweni

tujuan utawa maksud kanggo narik Bayar penumpang kang lagi munggah.

Tuladha :

- (52) 'Ayo karcis baru Madiun Madiun'
(53) 'Ayo yang baru naik dari Jombang, karcis baru baru'
(54) Ayo Bungurasih terakhir, di cek dulu barang barangnya jangan sampai ada yang tertinggal
(55) Seloaji Seloaji terakhir, di cek dulu barang barangnya jangan sampai ada yang tertinggal
(56) Mase bagasi nggih??
'Masnya memakai jasa bagasi ya?'
(57) Barange mase dhateng bagasi nggih?? tambah lima ribu mase.
'Barang masnya ada di bagasi ya? Tambah lima ribu mas.'

Miturut dhata (52) nduweni teges kondhektur nariki karcis marang penumpang kang lagi munggah saka Madiun. Miturut dhata (53) nduweni teges kondhektur nariki karcis marang penumpang kang lagi munggah saka Jombang. Miturut dhata (54) lan (55) kondhektur menehi weruh marang penumpang yen ta bis wis teka ing terminal kang pungkasan, mula saka iku penumpang butuh di elingake supaya barang barange ora ana sing keri ing sajrone bis. Miturut dhata (56) nduweni teges kondhektur takon marang penumpang apa ta penumpang ndeleh barange ing sajrone bagasi bis. Miturut dhata (57) nduweni teges kondhektur takon marang penumpang apa ta penumpang ndeleh barange ing sajrone bagasi bis. Yen pancen iya penumpang ditarik dhuwit kanggo biaya bagasi kang gedhene limangewu.

4. Penumpang

Penumpang yaiku wong kang numpak bis, kereta, pesawat, kapal terbang lan liya liyane. Penumpang ing kene ora kalebu dadi awak bis ning dadi konsumen saka bis iki mau. Ing ngisor iki bakal diandharake apa apa wae tembung kang digunakake dening penumpang nalika dheweke lagi tugas.

A. Penumpang marang Kondhektur

Tembung KL iki biyasa diandharake penumpang marang kondhektur kanggo ngandhani kondhektur yen ta penumpang wis dadi langganan numpak bis iki, saengga penumpang njaluk potongan harga menyang kondhektur.

Tuladha :

- (58) Pak, Ponorogo KL
'Pak, Ponorogo KL'
(59) Surabaya KL pinten pak?
'Surabaya KL berapa pak?'
(60) Madiun KL pak.
'Madiun KL pak.'
'Surabaya KL pak, karo mau nggawa kardhus telu ing bagasi

'Surabaya KL pak, sekalian tadi bawa tiga kardus dibagasi'

(61) Ponorogo KL, di bagasi ada koper empat tadi pak
'Ponorogo KL, di bagasi ada koper empat tadi pak'

(62) Madiun KL pak, sama ada paketan di bagasi pak

(63) *'Surabaya KL pak, sekalian tadi bawa paket dibagasi'*

Miturut dhata (58) lan (59) nduweni teges yen ta penumpang arep mBayar karcis nganggo KL utawa kartu langganan. Miturut dhata (60) nduweni teges penumpang takon marang kondhektur yen numpak bis menyang Surabaya nganggo KL mbayar pira?. Miturut dhata (61), (62), lan (63) nduweni teges para penumpang ing ndhuwur menehi weruh marang kondhektur yen ta dheweke mBayar nganggo kartu KL banjur dheweke nggawa barang ing bagasi.

B. Penumpang marang Kernet

Tembung kiri utawa kiwa biyasa di andhrake dening penumpang marang kernet nalika penumpang arep mudhun ing halte ngarep utawa papan panggonan ngarep, saengga penumpang kudu menehi ada ada supaya kernet ora nganti lali.

Tuladha :

(64) *'Pak Pagotan ngarep pasar kiri pak ya'*

'Pak lampu merah depan kiri pak ya'

(65) *'Te'an kiri pak'*

(66) *'Pak tolong barangnya ditaruh bagasi'*

(67) *'Pak barang saya belum dinaikin tolong di taruh bagasi saja'*

(68) Pak Caruban kiri, kalih barange dhateng bagasi pak

(69) *'Pak saya turun di Caruban, Barangnya ada di bagasi'*

(70) Pak kula mandhap Pagotan, nyuwun tulung barang dhateng bagasi nggih pak
'Pak saya turun diPagotan, Barangnya dibagasi ya pak'

Miturut dhata (64), (65) lan (66) nduweni teges penumpang ngomong marang sopir yen ta dheweke arep mudhun. Tembung bagasi diandharake penumpang marang kernet nalika penumpang arep munggah bis, maksude penumpang ngongkon kernet kanggo ngunggahake barang barang ing jero bagasi. Bisa uga nalika penumpang arep mudhun, kanggo ngongkon kernet kanggo ngedhukake barang barange penumpang kang ana ing sajrone bagasi. Miturut dhata (67) lan (68) nduweni teges penumpang ngomong menyang kernet supaya barange di unggahake marang bagasi. Banjur dhata (69) lan (70) nduweni teges penumpang ngomong marang kernet yen dheweke arep mudhun nanging ana barange kang ana ing sajrone bagasi.

PANUTUP

Diskusi

Kanggo luwih cethane andharan ing panliten iki, ing bab iki panliti awèh panyaru ngenani asil andharan ing bab sadurunge. Menawa di jlentrehake luwih jeru maneh, ana samubarang ngenani basa para awak bus "JAYA" jurusan Ponorogo Surabaya kang durung diandharake kanthi cetha, saengga perlu ditindaake panliten sabanjure.

Dudutan

Adhedhasar andharan lan jlentrehan kang diandharake dening panliti, wis katon yen ta ing sajrone panliten basa awak bus "JAYA" jurusan Ponorogo Madiun iki ana sopir, kernet, kondhektur, lan penumpang. Ing sajrone panliten iki panliti ngandharake apa apa wae basa kang digawe para awak bus "JAYA". Sak liyane basa basa kang digawe para awak bus, panliti uga mretheli apa wae basa basa kang lurah digawe guneman, diprateli maneh dadi basa kernet marang sopir, basa kernet marang kondhektur, basa kernet marang penumpang, basa kondhektur marang sopir, basa kondhektur marang penumpang, basa kondhektur marang kernet, basa sopir marang kernet, basa sopir marang kondhektur, basa penumpang marang kernet, lan basa penumpang marang kondhektur.

Pamrayoga

Panliten basa para awak bus "JAYA" jurusan Ponorogo Surabaya kang ndhasarake sosiolinguistik isih kurang akeh lan kurang ana wigati saka para panyengkuyung basa, mligine linguistik. Mula, prelu anane panliten kang luwih jero maneh ngenani bab tindak wicara nylathu, saengga tindak wicara nylathu bisa diandharake kanthi cetha maneh. Panliti uga ngrumangsani yen ing panliten iki akeh banget cacad lan kurangane, mula panliten tindak wicara nylathu kudu dingrembakake maneh.

KAPUSTAKAN

- A.Moleong. L.J. 1989. Metodologi Penelitian Kualitatif. Bandung: Remaja Rosda Karya
- Alwasilah, A. Chaedar.1985. Sosiologi Bahasa. Bandung:Angkasa
- Arifin, Bustanul. 1999. Beberapa Aspek Sosiolinguistik. Malang: Universitas Negeri Malang
- Aslinda dan Leni Ayafyahya. 2010. Pengantar Sosiolinguistik. Bandung: PT. Rineka Aditama
- Basir, Udjang Pr. M. 2002. Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa. Surabaya: University Press Unesa

- Chaer, Abdul. 2003. Linguistik Umum. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. Sociolinguistik Perkenalan Awal. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Gorys, Keraf. 1994. Diksi dan Gaya Bahasa. Jakarta: Gramedia
- Ibrahim, Abdul Syukur dan Suparno. 2009. Sociolinguistik. Jakarta: Universitas Terbuka
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1999. Hakikat Sociolinguistik. Malang: Universitas Negeri Malang
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1994. Sociolinguistik Sajian Model Fungsional Bahasa. Malang: Universitas Negeri Malang
- Mahsun. 2005. Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode dan Tekniknya. Jakarta : Raja Grafindo Persada
- Nababan, P.W.J. 1984. Sociolinguistik, Suatu Pengantar. Jakarta: PT. Gramedia
- Nababan, P.W.J. 1991. Sociolinguistik, Suatu Pengantar. Jakarta: PT. Gramedia
- Narwoko, J. Dwi dan Bagong Suyanto. 2010. Sosiologi Teks Pengantar dan Terapan. Jakarta: Kencana Prenada media Group
- Pateda, Mansyur. 1987. Sociolinguistik. Bandung: Angkasa
- Rahardi, R. Kunjana. 2001. Sociolinguistik Kode dan Alih Kode. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset
- Sumarsono, M.Ed. 2007. Sociolinguistik. Yogyakarta : pustaka belajar
- Sumarsono, dan Paina Partana. 2004. Sociolinguistik. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Suwito. 1985. Sociolinguistik Pengantar Awal. Surakarta: Henary Offset
- Thomas, Linda dan Shan Wareing. 2007. Bahasa Masyarakat Dan Kekuasaan. Yogyakarta: pustaka belajar
- Verhaar, J.W.M . 1992. Pengantar Linguistik. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Wijana. 1996. Dasar-Dasar Pragmatik . Yogyakarta : Andi Yogyakarta.
- Wijana, I Dewa Putu dan Muhammad Rahmadi. 2006. Sociolinguistik Kajian Toeri dan Tintingan. Yogyakarta: Pustaka Belajar